



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA AVÈK EKIP FOUTBÒL
PWOFFESYONÈL POU SIPÒTE VAKSINE NOUYÒKÈ YO**

Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets enkli nan kanpay medya entegre ak pwogram ankourajman vaksen sa a pou ankouraje plis fanmi New York pran vaksen an otòn sa a

Gen ladan konkou foutbòl #VaxandWin NYS la; 5 desen pou genyen prim ki gen ladan biyè jwèt, eksperyans espesyal nan jwèt, ekipman ki siyen, ak plis ankò

Nouyòkè ki kalifye ki te resevwa premye dòz vaksen yo 9 septanm jiska 24 oktòb kapab antre [isit la](#)

Premye Ganyan yo te anonse 29 septanm, Orè Desen an disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwogram ankourajman vaksen ak medya entegre an patenarya avèk tout twa ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo pou sipòte vaksinasyon pami Nouyòkè ki pa ko pran vaksen yo kounye a. Efò maketin sou plizyè echèl ak Konkou Foutbòl #VaxandWin gen ladan Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets rejwenn Eta a pou mande tout adil New York ak adolesan ki gen laj pou ale lekòl ki elijib ki pa ko pran vaksen yo pou yo pran vaksen otòn sa a pandan Nouyòkè yo ap retounen lekòl, travay, ak nan foutbòl.

"Kòm nou te tande jwè yo di yo menm, pi bon defans lan se yon bon atak. Eta New York te fè anpil pwogrè nan vaksinasyon Nouyòkè ki elijib yo - men toujou gen travay ki pou fèt. Kòm yon nouvo sezon foutbòl kòmanse, mwen fyè pou mwen anonse pwogram inik vaksinasyon sa a ak tout ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo pou kontinye travay sa a sou yon nouvo teren jwèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye ekip New York yo - Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets - paske yo lanse pwogram kreyatif sa a avèk nou, epi rejwenn Eta a nan pwopaje mesaj sou enpòtans pou resevwa vaksen COVID-19 la. Si ou t ap tann, kounye a se moman ou pran vaksen an."

Travay ak touletwa ekip foutbòl New York yo se youn nan aktivasyon vaksen ki pi etann li jiska dat, kanpay maketin entegre a gen ladan nouvo videyo ankourajman vaksen ak segman radyo avèk ansyen jwè ki soti nan chak ekip ki yo chak te resevwa vaksen COVID-19 la yo menm. Kanpay la gen ladan tou entegrasyon mesaj vaksen Eta a atravè chanèl medya chak ekip ki gen ladan televizyon, radyo an Anglè ak

Espanyòl atravè New York Giants, podcast, medya dijitalak sosyal pou atenn tout fanmi New York yo atravè yon vwa yo ka fè konfyans - ekip foutbòl yo pi renmen yo.

Nouvo pwogram vaksinasyon an elaji angajman Eta a pou asire ke nou fè tout sa ki posib nan kad efò nou pou vaksinen tout Nouyòkè ki elijib yo. Jiska dat, plis pase [80%](#) nan adil New York deja resevwa omwen yon dòz vaksen (CDC), pandan ke [59.3%](#) nan timoun ki gen 12 - 17-ane ak [68.9%](#) nan jèn ki gen 16 - 25 ane-fin te resevwa omwen yon dòz vaksen. Konplimante estrateji [#VaxtoSchool](#) Eta ki gen plizyè fasèt la, aktive rezo mesajri konfyans ki ka pale ak paran yo ak Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo sou enpòtan pou resevwa vaksen COVID-19 la rete enpòtan nan kad efò Eta a.

"Travay Eta a pou asire tout Nouyòkè ki elijin resevwa vaksen COVID-19 la ap kontinye", **Komisyonè Sante Dèt Howard Zucker te deklare.** "Patenarya nou avèk ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo atravè yon pakèt medyòm pral ede elaji sansibilizasyon nou pandan yon moman enpòtan, epi pandan sezon otòn la kòmanse a. Vaksen COVID-19 la san danje, efikas, epi se pi gwo pwoteksyon nou kont viris la - e mwen remèsye Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets pske yo rejwenn nou pandan n ap kontinye atenn Nouyòkè ki gen tout laj nan enspire fason ki efikas."

Bruce Smith, Ansyen jwè Buffalo Bills ak Elye Defansif Tanp Renome: "Mwen fyè dèske mwen fè pati inisyativ dinamik sa a pou fè Nouyòkè yo pran vaksen an Nou tout se jwè nan menm ekip nan batay kont COVID-19 la. Ansanm, nou ka genyen."

Kim Pegula, Pwopriyetè ak Prezidan Buffalo Bills: "Nou fyè pou nou sipòte efò Gouvènè Kathy Hochul ak Eta New York nan batay kontinyèl kont COVID-19 la. Lè nou rejwenn Giants ak Jets, nou tout espere ke nou ka ede amelyore to vaksinasyon nou an nan eta nou an."

"New York Giants fyè pou yo asosye avèk Eta New York ak Depatman Sante nan kad inisyativ enpòtan sa a pou ankouraje moun pou pran vaksen an", **Vis Prezidan Prensipal Sèvis Medikal pou New York Giants Ian, Ronnie Barnes, te deklare,** "Chak moun ki pran vaksen an pral ede nou sove lavi ak ale odela pandemi sa a ki te afekte anpil nan nou. Vaksen yo te montre yo trè efikas nan ralanti pwopagasyon ak kenbe moun yo an sekirite. Nenpòt moun ki gen kesyon sou vaksen an ta dwe pale ak doktè pèsònèl yo."

"Sante ak sekirite kominote nou an se priyorite prensipal nou", **Direktè Medikal New York Jets la, Dr. Damion Martins, te deklare.** "Pandan Nouyòkè yo ap kontinye retounen lekòl, travay, ak nan evènman yo, nou ankouraje tout moun ki elijib pou pran vaksen pou yo fè sa. Nan non òganizasyon New York Jets la, nou fyè pou nou fè patenarya avèk Eta a sou travay enpòtan sa a epi pwopaje mesaj la bay tout Nouyòkè yo pou nou ka pwoteje tèt nou ak pwoteje youn ak lòt."

Kòm yon pati nan pwogram nan, Eta a te lanse Konkou Foutbòl [#VaxandWin](#) la, yon nouvo pwogram ankourajman vaksen ki prezante touletwa ekip foutbòl yo. Antre pou konkou a ouvri jodi a pou tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo

9 septanm jiska 24 oktòb, ki lanse yon lòt apèl konvenkan pou Nouyòkè yo pran vaksen an.

Nouyòkè ki elijib ki gen 18 an oswa plis ka antre pou genyen prim pou tout fanmi ki soti nan Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets ki gen ladan jiska kat biyè jwèt, eksperyans espesyal nan jwèt, vizit estad, ekipman ekip ki siyen, Apèl FaceTime ak ansyen jwè yo, ak plis ankò. Paran oswa gadyen ka antre pou timoun ki gen 12 - 17-ane ki elijib yo. Yo pral anonse Premye ganyan yo 29 septanm, ak nouvo desen k ap fèt chak semèn pandan kat pwochen semèn yo.

Nouyòkè yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal vaksen ki tou pre yo epi pran vaksen kont COVID-19 jodi a.

Pou aprann plis sou konkou foutbòl #VaxandWin Eta New York la, Nouyòkè ki entere yo ka vizite sit la [isit la](#) e Nouyòkè elijib yo ka antre nan konkou a [sit la](#).

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)